

LAMPIRAN

Lampiran 1

Transkripsi Carita Pantun Raden Pamanah Rasa

Juru Pantun : Ayi Basajan

Alamat : Subang

Rajah Pamuka

*Astagfirullahaladzim
Astagfirullahaladzim
Astagfirullahaladzim
Meunang 40 kali Astagfirullahaladzim
Bul kukus ka luhur kanu mayungan
Ka handap anu ngamparan
Ka gigir kanu ngaping
Beurang jeung peuting
Beurang jeung peuting

Bul kukus ka luhur ka sang rumuhun
Ka handap ka sang batara
Ka batara ka batari
Ka batara Naga Raja
Ka batari Naga Umpi
Ka pangeran Bagus Daka
Anu bisa nyukcruk laut
Mapay sagara nurus bumi
Ngapung ngawang-ngawang
Ka pangeran Mancur Putih nu lindeuh
Dina embun-embunan kaula

Kaula seja ngahiras
Seja hatur bakti
Sangu wangi sapurulukaneun
Mugi ka sari ka bati
Ka tekad Katarima
Pangabakti ti abdi sareat
Alit ceunah anu dibaktikeun
Ageung anu disuhunkeun
Singgetna ka ibu ka rama
Ka indung anu teu ngandung

Ka rama anu teu ngayuga
Ka ibu hawa
Ka rama adam
Ka gusti
Ka wali
Ka Allah
Ka Rasulullah
Ka dulur kaula nu opat kalima pancer
Ka dulur kaula nu genep katujuh pancer
Ka nini*

Astagfirullahaladzim
Astagfirullahaladzim
Astagfirullahaladzim
Sudah 40 kali Astagfirullahaladzim
Mengepul dupa ke atas pada yang menaungi
Ke bawah pada yang memberikan tempat
Ke Samping pada yang memperingatkan
Siang dan malam
Siang dan malam

Mengepul dupa ke atas pada Tuhan
Ke bawah pada Sang Dewa
Kepada Dewa dan Dewi
Kepada Dewa Raja Naga
Kepada Dewi Naga Umpi
Kepada Pangeran Bagus Daka
Yang bisa berjalan di atas laut
Melewati air laut yang
Terbang menyentuh lapisan langit
kepada pangeran Mancur Putih akan turun
Pada embun-embun

Saya akan menyuruh
Akan memberikan bakti
Nasi wangi lumayan
Semoga pada tujuannya dan keuntungannya
Tekadnya diterima
Bakti dari dari saya dan semuanya
Kecil yang dibaktikan
Besar yang diminta
Singkatnya pada Ibu dan Bapa
Kepada Ibu yang tidak mengandung

Kepada Bapa yang tidak menjaga
Kepada Ibu Hawa
Kepada Bapa Adam
Kepada Tuhan
Kepada Wali
Kepada Allah
Kepada Rasulullah
Kepada saudara sedarah
Kepada saudara yang tidak sedarah
Kepada Nenek

Ka aki
Ka nini paraji batin
Aki paraji batin
Anu bisa ngarupakeun
Anu bisa ngarekakeun
Anu bisa nimbang kana kasalahan urang
sararea Atanapi rezeki urang
Neda agung nya paralun
Nya Paralun
Amit suhun kanu geulis Nyimas Dewi
Pohaci Tresnawati Dangdayang Sari
Nu linggih di bumi suci

Nu linggih di cikubang cikahuripan
Cikubang cikahirupan
Cihejo lembok dauna
Sarta kuat akarna alus ranggeyanana
Anu geulis Nyimas Dewi Pohaci
Amit suhun ka guru
Lahir guru batin
Khususna Ka Pangersa Raden Kuncung
Aradilah
nu mantun di Pajajaran
Ka Aki Darawalet nu ngukus di Pajajaran

Kula ngangkir sanes wanci
Kula ngundang sanes mangsa
Muga nalungtik ti katebihan
Nyawang ti kaanggangan
Neda agung nya paralun
Nya kuring bade diajar ngidung
Nya ngidung carita pantun
Ngaguar carita lana
Rasa di lawang kencana nu hayang
dilalakonkeun
Lulurung tujuh ngabandung

Kadalapan keur di sorang
Salapan heleut-heleutan
Sapuluh raja bantala
Ana jleg teh dibukakeun Cupumanik
Astagina
Kapendak kunu ngaliwat
Kunu rancage na hate

Kepada Kakek
 Kepada Nenek yang mengobati batin
 Kakek yang mengobati batin
 Yang dapat mewujudkan
 Yang dapat merubah
 Yang dapat menimbang pada kesalahan
 Kita semua atau rezeki kita
 Mohon maaf yang sebesar-besarnya
 Mohon maaf
 Mohon izin pada yang cantik Nyimas
 Dewi Pohaci Tresnawati Dangdayang Sari
 Yang tinggal di bumi suci

Yang tinggal di Cikubang Cikahuripan
 Cikubang Cikahirupan
 Tempat hijau subur daunnya
 Serta kuat akarnya bagus rantingnya
 Yang cantik Nyimas Dewi Pohaci
 Mohon izin kepada guru
 Lahir guru batin
 Khususnya Kepada yang terhormat Raden
 Kuncung Aradilah
 Yang Mantun di Pajajaran
 Kepada Aki Darawalet yang menyalakan
 dupa di Pajajaran

Saya menyapa bukan pada waktunya
 Saya mengundang bukan pada waktunya
 Semoga memperhartikan dari kejauhan
 Menerawang dari kejauhan
 Memohon maaf yang sebesar-besarnya
 Saya akan belajar ngidung
 Ngidung carita pantun
 Membuka cerita lama
 Rasa di gerbang kencana yang akan
 dilakukan
 Jalan luruh tujuh berdampingan

Kedelapan tidak dilewati
 Sembilan berseling-seling Sepuluh Raja
 Bantala
 Tiba-tiba ketika dibukakan Cupumanik
 Astagina
 Ditemukan oleh yang melewati
 Yang besar hatinya

*Dibuka kunu bujangga
Dibuka pating ngahaleuang
Dibuka pating ndaleum ngedal*

Rajah Pamunah

*Sangkan rajah pamunah
Munah lampah paripolah
Munah gawe parigawe
Munah ucap pariucap
Munah kayu munah batu
Laut biru ti beh kidul nganti lelemah
Laut kayas ti beh wetan nganti lelemah
Laut hejo ti beh kulon nganti lelemah
Laut koneng ti beh kaler nganti lelemah
Kapunuk kapunah ku rajah pamunah
Dosa gede jadi leutik*

*Dosa leutik jadi leungit
Sirna rasa dzatna sampurna
Tunggal umatna
Muhammad jenenganana
Kula seja nitipkeun netepkeun
Ti luhur sa usap rambut
Ti hanap sa usap dampal
Ti gigir
Gusti nu kagungan
Kula sadaya ti ngawitan pajabat, rahayat,
aparap nu aya di Kabupatén Bandung*

*Khususna Kota Madya
Nyuhunkeun salamet
Salamet nugrah mulia
Ka ratu manusa Ratu sapaat wali mukmin
Neda agung nya paralun
Neda agung nya paralun
Kasakur para lelembut
Kasakur para dedemit
Kasakur para karuhun
Kasakur para raja*

Dibuka oleh perjaka
Dibuka saling bernyanyi
Dibuka saling mengeluarkan isi hati

Bagian berdoa tolak bala
Dijauhkan dari perilaku buruk
Dijauhkan dari gangguan
Dijauhkan dari ucapan buruk
Musnah batu musnah batu
Laut biru dari selatan menanti tanah
Laut kayas dari timur menanti tanah
Laut hijau dari barat menanti tanah
Laut kuning dari utara menanti tanah
Hilang dengan tolak bala
Dosa besar jadi kecil

Dosa kecil jadi hilang
Hilang rasa dan dzat yang sempurna
Tunggal umatnya
Muhammad namanya
Saya akan menitipkan dan menetapkan
Dari atas se usap rambut
Dari bawah se usap kaki
Dari Samping
Tuhan yang maha pemaaf
Kita semua dimulai dari
pejabat,rakyat,aparap yang ada di
Kabupatén Bandung

Khususnya Kota Madya
Meminta keselamatan
Anugrah keselamatan
Kepada Ratu Manusia Ratu petunjuk Wali
Mukmin
Memohon maaf sebesar-besarnya
Memohon maaf sebesar-besarnya
Setiap para makhluk halus
Setiap para makhluk halus
Setiap para leluhur
Setiap para raja

*Nu ka kocapna carita
 Bilih salah ngadongengna
 Bilih salah nyaritana
 Te cocok jeung saenyana
 Neda agung nya paralun
 Kanu linuhung di manggung
 Kanu Murbawisesa nu ngawasa ieu alam
 dunya
 Kula nyanggakeun bubuka ieu carita
 Baheula ceunah beh ditueun bahela
 Dongeng di dongenkeun deui*

*Carita di caritakeun deui
 Ti aki pindah ka bapak
 Ti bapak pindah ka anak
 Ti anak pindah ka incu
 Kitu jeung kitu wae tug dugi ka kiwari
 Sakapeung ieu carita bisa manjangan
 Sakapeung bisa mondokan
 Disusurup sangkan payus
 Dipapaes sangkan beres
 Direumbeuy ku basa heureuy
 Diselapan ku siloka
 Paselang jadi carita*

Kidung Hyang Prabu Siliwangi

*Pun sapun kanu maha agung
 Ka gusti nu Maha Suci
 Gusti pamuntangan beurang
 Gusti pamuntangan peuting
 Sajatining pati hurip
 Sajatining kalanggeungan
 Sajatining kalanggeungan
 Pun sapun awignam astu paralun
 Ka buder awun
 Ka rumuhun ka karuhun*

*Kula amit seja mepeling
 Kula menta seja ngala ngunder tineung
 Panasaran rek muka keun tutungkusan
 Nyungsi harti Siliwangi
 Nu nyamuni dina wangci
 Nu miaksa dina raga
 Dina raga
 Siliwangi nu kiwari*

Yang didalam ceritanya
 Apabila salah mendongengnya
 Apabila salah menceritakannya
 Tidak cocok dengan kenyataannya
 Memohon maaf sebesar-besarnya
 Kepada yang berbudi luhur di panggung
 Kepada Murbawisesa sebagai penguasa
 alam dunia
 Saya menyerahkan pembukaan cerita ini
 Sejak dahulu ke dahulu lagi
 Dongeng di dongengkan lagi

Cerita di ceritakan lagi
 Dari kakek pindah ke bapak
 Dari bapak pindah ke anak
 Dari anak pindah ke cucu
 Gitu dan gitu sampai hingga kini
 Terkadang ini cerita bisa panjangan
 Terkadang bisa pendekan
 Disusup supaya pantas
 Dipaes supaya rapi
 Dicampur dengan bahasa candaan
 Diselip dengan siloka
 Akhirnya jadi cerita

Mohon maaf pada Tuhan
 Kepada Allah yang Maha Suci
 Tuhan yang memegang siang
 Tugan yang memegang malam
 Sejatinya hidup dan mati
 Sejatinya keabadian
 Sejatinya keabadian
 Mohon maaf hati-hati
 Pada segalanya
 Pada Nenek Moyang

Saya ijin akan menasihati
 Saya meminta untuk mengambil kenangan
 Penasaran akan membukakan ajimat
 Meneliti arti Siliwangi
 Yang Menyelinap dalam waktu
 Yang terjaga dalam raga
 Dalam raga
 Siliwangi yang sekarang

*Siliwangi nu bihari
Mugia panjang apunjung*

*Rahayu kagungan nu Maha Agung
Walagri kersaning Gusti nu Maha Suci
Naon atuh nu rek disombongkeun
Ku manusa kiwari di alam dunya
Sedengkeun pangarti titipan ti Gusti
Pangabisa titipan tinu Maha Kawasa
Neda agung panunuhun
Neda panjang pangampura
Agungna kanu di parayun
Jembarna ka sadayana*

*Kula luput nyuhunkeun dimaklum
Lepat nyuhunkeun dihampura
Karek caleknya lemekan kedal ucapnya
nyarita lalambe Ki Juru Pantun
Margi ari pantun mah ku Ratu moal ka
timu
Ku pandita moal ka buka
Ku resi moal kapanggih
Iwal kacatur ku Juru Pantun
Tapi pantun kantung saur kecap aya ti
baheula
Pantun mah teu aya coretanana*

Patwa

*Hampura kasadayana
Kasindir kudu wayahna
Malah ieu pantun aya pulunganeunana
Pikeun budak ngora ayeuna anu ampir
poho kana seni tradisi na
Nu akhirna cul dog-dog tinggal igal
Ngke bakal kumaha lamun geus leungit
budayana
Nagri kariung ku gunung
Nagara kasimpay ku lemah
Lemahna dengdek ngaler
Ngayapak alun-alunna
Gedong sigrong pajorong-jorong*

Siliwangi yang dulu
Semoga panjang umur

Selamat milik yang Maha Agung
Sehat atas rahmatnya Tuhan yang Maha Suci
Apa yang akan disombongkan?
Oleh manusia sekarang di alam dunia
Sedangkan ilmu titipan dari Tuhan
Keterampilan titipan yang Maha Kuasa
Mohon maaf yang sebesar-besarnya
Mohon maaf yang selamanya
Hormat pada yang di depan
Khususnya kepada semuanya

Jika salah mohon dimaklumi
Jika salah mohon dimaafkan
Baru berkata dan berucap cerita bibirnya Ki
Juru Pantun
Sebab kalo pantun oleh Ratu tidak akan bisa
hafal
Oleh Pandita tidak akan terbuka
Oleh Resi tidak akan ditemukan
Kecuali oleh Juru Pantun
Tapi pantun hanya ada kata ujarinya sejak
dahulu
Pantun tidak ada coretannya

Mohon maaf kepada semuanya
Maklum jika tersindir
Semoga ini Pantun ada manfaatnya
Untuk anak muda sekarang yang hampir lupa
terhadap seni tradisinya
Yang akhirnya Cul Dogdog Tinggal Igal
Nanti akan bagaimana jika sudah hilang
budayanya
Negri dikelilingi gunung
Negara disatukan oleh tanah
Tanahnya mirip ke utara
Luas alun-alunnya
Gedung besar bertingkat-tingkat

*Paseban patunjang-tunjang
 Ana bilik menang nyiksik
 Pamikul meunang minggul
 Diseret ku gelas hejo
 Dilemeung ku kaca wungu
 Kenteng dicampur kencana emas
 Ratu deungeun teu kahunggas
 Nu matak naon
 Lembur jeung kota na
 Nagri nu kariung ku gunung
 Bandung eta Kota Raja*

Lalakon

*Saha ceunah nu kagungan?
 Iwal ti kanjeung Raja
 Anu di tatar Karajaan Galuh
 Hyang Prabu Dewa Niskala
 Anjeuna saktina luar biasa
 Seug na lamun ngamuk
 Diciduhkeun kana gunung matak ancur
 Dijejekeun kana jagat matak bejat
 Lamun murkana
 Lir gurudug luruntuyan Lir geredeg
 lerentengan*

*Kitu ku kasaktianana karuhun urang
 baheula
 Kula percaya moal aya ayeuna
 Lamun eweuh bahela
 Hyang Prabu Dewa Niskala
 Anjeuna nyauran kanu janten putrana
 Raden Pamanah Rasa sok sanaos etateh
 tos gaduh bojo
 Hiji Nyimas Ambet Kasih
 Dua Nyimas Kentring Manik
 Didinya anjeuna nyalukan kanu janten
 putrana Putra mahkota
 Sateacan janten Prabu Siliwangi
 Namina Pamanah Rasa
 Ampun teuing tobat teuing
 Ama itu geuningan jiga nu nyalukan
 Memang kasep coba kadieu hela
 sakeudeung cenah cu*

Pendopo berhadap-hadapan
 Yang temboknya dari pilihan
 Tiangnya dari nimul
 Diberi cahaya gelas hijau
 Dilemang oleh kaca ungu
 Genteng dicampur kencana emas
 Ratu asing tidak dikenali
 Yang akibatnya apa?
 Kampung dengan kota
 Negri yang dikelilingi gunung
 Bandung itu Kota Raja

Siapa yang berkuasa?
 diawali dari Kanjeung Raja
 yang berada di wilayah Kerajaan Galuh
 Hyang Prabu Dewa Niskala
 Saktinya luar biasa
 Apabila mengamuk
 Gunung diludahi bisa hancur
 Langit diinjak bisa retak
 Apabila murka
 Bagaikan kilatan petir bagaikan serangan
 kilat

Seperti itu kesaktiannya leluhur manusia
 zaman dahulu
 Saya percaya tidak akan ada sekarang
 Apabila tidak ada zaman dahulu
 Hyang Prabu Dewa Niskala
 Dirinya memanggil putranya
 Raden Pamanah Rasa yang sudah memiliki
 istri
 Pertama Nyimas Ambet Kasih
 Kedua Nyimas Kentring Manik
 Di sana beliau memanggil kepada
 putranya Putra Mahkota
 Sebelum menjadi Prabu Siliwangi
 Namanya Pamanah Rasa
 Memohon ampun
 Ayah itu sepertinya lagi memanggil
 Memang Raden coba kesini dulu
 sebentar katanya

*Didieu Raden Pamanah Rasa hajlina
 sujud syukur kanu Maha Agung
 Mujabrata ka Hyang Maha Sukma
 Bilihna anjeuna bisi dipaparen tugas
 Aya naon cenah ama?
 Kieu kasep gancangna mah
 Selenting bawa ning angin
 Kolepak bawa ning beja
 Beja pa beja-beja
 Ceuk nu bisa dipercaya
 Di tanah kaler aya nu nuju
 ngadegkeun Pasantren
 Cik ceunah salira wayahna sateacan
 jadi ngaraja kudu tapabrata
 ngalalana
 Hartina anjeun kudu nganggo
 raksukan compang-camping upama
 ngalalana
 Oge namina kedah digentos
 saha cenah ama?
 Gentos namina Jaka Kekembingan.
 Supaya naon ama?
 Te katohiyon ku rahayat kitu dina
 lalampahan kabat lumampang
 Atuh salajeungna ieu Raden Pamanah
 Rasa anjeuna hoyong disarengan
 Nyaeta ku paman patih Ki Purwagalih*

*Disauran ku kanjeung rama
 Dicalukan Lengser kadieu
 Coba kadieu cenah mamang
 Aeh, aeh aya pikeursa ti mala naon
 cenah de?
 Ieu Mamang Lengser ngagegag
 Mamang Lengser ari lempang rada
 singkang
 Beurat ku kagunganana
 Kangungan beunang diukur sagede
 indung tong-tolang
 Gibring-gibring ngarikibing
 Raksukan nganggo jaket seting
 Badeg barangna nyaeta bahan tina kulit
 munding
 Kancing ngabarisi ngajajar lima-lima
 sagede kikiping roda*

Di sini Raden Pamanah Rasa memohon
 ampun dan bersujud kepada Maha Agung
 Memuji kepada Hyang Maha Sukma
 Apabila dirinya diperintah bertugas
 Ada apa ayah?
 Begini nak
 Selenting terbawa angin
 Jatuh terlentang terbawa kabar
 Kabar berita dari mulut ke mulut
 Kata orang yang bisa dipercaya
 Di wilayah utara ada yang sedang
 mendirikan Pesantren
 Coba kamu mau tidak mau sebelum
 menjadi raja harus bertapabrata atau
 berpuasa dengan berkelana
 Artinya kamu harus berkelana dengan
 menggunakan pakaian soeh ruwak-
 ruwek
 Juga namanya harus diganti
 Siapa katanya ayah?
 Ganti namanya jadi Jaka Kekembingan
 Supaya apa ayah?
 Supaya tidak dikenal oleh rakyat saat
 diperjalanan berkelana
 Selanjutnya ini Raden Pamanah Rasa
 dirinya ingin didampingi
 Oleh paman patih Ki Purwagalih

Panggilan dari Prabu
 Dipanggillah Lengser ke sini
 Coba kesini paman
 Aduh-aduh ada keperluan apa katanya
 Raden?
 Ini Paman Lengser berjalan
 Paman Lengser kalo jalan seperti kaki
 orang yang berbentuk O
 Berat oleh ilmunya
 Ilmunya bisa diukur sebesar
 ibu tong-tolang
 Jalan-jalan dijalan
 Pakaian menggunakan jaket seting
 Badega barangnya berbahan dari kulit
 kerbau
 Kancing berbaris sejajar lima-lima sebesar
 gelinding roda

*Kumis baplang sangadulang
 Lamun seug lewat ka kebon kacang mang
 adang
 Matak perang kabadug ku kumisna
 Kitu dina lalampahan
 Ieu Mamang Lengser ngagegag
 Beuteng ngabendeleh di jero karaton bujal
 ulal-elol dina panyaweran
 Aya pikersakeun timala naon?
 Kieu cenah paman, Urang seja ngaba
 ngalalana tapabrata
 Margi ari janteun raja mah
 Kapungkur teh nyaeta kudu kuruh
 sajurungwinara
 Kudu sugih ku pangarti
 Jembar ku pangabisa*

*Beunghar ku panalar
 Kakarak bisa jadi raja
 Hartina kudu ranggaek memeh tandukan.
 Atuh leresan ieu Raden Pamanah Rasa
 Anjeuna nyuhunkeun widi kanu janten
 ramana
 Bari sakalian nyaeta susulumputan ti
 rahayatna
 Nagarana subur makmur geumah ripah
 Ceuk paribasa dugikeun melengkung
 pucuk kawungna
 Ngaberes tangkal jambena
 Ngajajar pelak kalapana*

*Pelak cau keur mejehna cumuu,
 Pelak kacang keur mejehna ngajajar,
 Ngan benguk nu te di pelak teh da te aya
 nu mere benihna
 Atuh salajengna ieu raden pamanah rasa
 kebat lumampang
 Bade milari pangarti ka pandita nu
 sanyata
 Bade nyar pangabisa oge meluruh ilmu
 Sok sanaos anjena teh luar biasa geus
 pinterna luar biasa*

Kumis baplang yang tajam
 Apabila lewat ke kebun kacang Paman
 Adang
 Menyebabkan perang oleh kumisnya
 Begitu perjalanannya
 Ini Paman Lengser berjalan
 Perut besar keluar kelihatan di dalam
 keraton udel kemana-mana di penyaweran
 Ada keperluan apa?
 Begini paman, Kita pergi berkelana
 tapabrata
 Karena apabila menjadi Raja
 Sejak dahulu harus penuh dengan ilmu dan
 kemampuan
 Harus kaya akan ilmu pengetahuan
 Harus luas akan keterampilan

Kaya akan pengetahuan
 Baru bisa menjadi Raja
 Harus bertanduk sebelum muncul tanduk,
 Selanjutnya ini Raden Pamanah Rasa
 Dirinya memohon izin kepada
 ayahandanya
 Sekalian sembunyi-sembunyi dari
 rakyatnya
 Negaranya subur makmur sejahtera
 Kata pepatah sampai melengkung pucuk
 arainya
 Membersihkan pohon pinang jambenya
 Sejajar menanam kelapanya

Menanam pisang sedang musimnya
 Menanam kacang sedang musimnya
 Tapi 'benguk' yang tidak ditanam karena
 tidak ada yang memberikan benihnya
 Selanjutnya ini Raden Pamanah Rasa terus
 berjalan berkelana
 Hendak mencari ilmu pengetahuan ke
 pandita yang jelas
 Hendak mencari kemampuan seluruh ilmu
 Sebab dirinya luar bisa kepintarannya luar
 biasa

*Nanging masih kakurangan margi ari jadi
raja mah berat ku kajadianana
Bisi aya kajadian hal-hal anu te
dipikaharep
Mending wae ari raja na gagahna kitu
Nu akhirna ieu Raden Pamanah Rasa
kebat lumampang*

Tetapi masih kekurangan sebab untuk bisa
menjadi Raja berat oleh kejadiannya
Apabila ada kejadian hal-hal yang tidak
diharapkan
Mending jika Rajanya gagah dan bijaksana
Yang akhirnya ini Raden Pamanah Rasa
terus melanjutkan perjalanan berkelana

Sisindiran

*Bapa suta Bapa suti
Bapa suta Bapa suti
Alah ditiyungakulala
Hanteu suka hanteu sudi
Hanteu suka hanteu sudi
Dicium ku domba anakan*

Bapa suta bapa suti
Bapa suta bapa suti
Aduh ditiyungakulala
Tidak suka tidak sudi
Tidak suka tidak sudi
Dicium oleh domba anaknya

*Hayang teuing rujak kereta api
Hayang teuing rujak kereta api
Aduh kapal udara dibeuleum
Hayang teuing ka tukang surabi
Hayang teuing ka tukang surabi
Hanyakal isuk-isuk sieun dibeuleum*

Ingin sekali rujak kereta api
Ingin sekali rujak kereta api
Aduh kapal udara dibakar
Ingin sekali ke tukang surabi
Ingin sekali ke tukang surabi
Menyesal pagi-pagi takut dibakar

*Jeruk purut sakarinjang
Jeruk purut sakarinjang
Alah jambu aer warnayasa
Camerut hayang ka bujang
Camerut hayang ka bujang
Susu laer te karasa*

Jeruk purut sekeranjang
Jeruk purut sekeranjang
Aduh jambu air warnayasa
Cemberut ingin ke bujang
Cemberut ingin ke bujang
Susu luntur tidak kerasa

*Di luhur kapal udara
Di luhur kapal udara
Aduh dihandap oplek jeung sedang
Yeuh saumur-umur kakara
Saumur-umur kakara
Ka pelet ku randa edan*

Di atas pesawat udara
Di atas pesawat udara
Aduh di bawah oplek dan sedang
Seumur-umur baru saja
Seumur-umur baru saja
Kena pelet oleh janda edan

Patwa

Lu lurung tilu ngabandung
 La larang dua dikipas
 Di sorang tengah-tengahna
 Jog-anjog ka padaleuman
 Inggis jalan mamaruan
 Tilu sapamuluh
 Dua sakarupa
 Hiji etakeneh

Lalakon

Raden Pamanah Rasa
 Nyaeta gancangna carita
 ditengah leweng aya hiji maung bodas
 Atanapi dua maung bodas
 Anu nutur-nuturti tukangeunana
 Arek ngerekeb ka anjeuna
 Nanging atuh lain oge ari Raden Pamanah
 Rasa anu pinuh ku ilmu jembar ku
 pangabisa.
 Leweung gong-gong simagonggong

Leweung anu kacida sangetna
 Tong boro ning jelema anu liwat ka eta
 leuweung
 Manuk ngaliwat ka eta leweng matak
 ngagubrag saharita
 Anjeuna ngalewatan leuweng hideung
 Atuh didinya anjeuna ngadangu aya sora
 sesegoran
 Sing hore nyaeta Maung Bodas
 Ceuk maung bodas dina hatena sabab
 etateh penjelmaan tina jin

Lakadalah ieu jelema wanian-wanian
 teuing cenah, ngapak ka daerah kula
 daerah larangan
 Ampun teuing tobat teuing
 Ku wanian-wanian teuing cenah ieu
 jelema, ku kami rek dijajalkeun
 kamana lebah mana cenah elmuna
 Sedengkeun tong boro ning manusa,
 sato galak anu sejena te wanian
 cenah ka diri kaula

Raden Pamanah Rasa
 Singkat cerita
 Di tengah hutan ada satu macan putih
 atau dua macan putih
 mengikutinya dibelakang
 Akan memangsa ke dirinya
 Tetapi bukan seorang Raden Pamanah
 Rasa yang penuh ilmu dan kaya
 kemampuan
 Hutan gong-gong simagonggong

Hutan yang sangat angker
 Jangankan manusia yang meliwati hutan
 ini
 Burung yang melewati hutan ini bisa jatuh
 seketika
 Beliau melewati hutan gelap
 Di sana beliau mendengar ada suara
 geraman
 Yang ternyata Macan putih
 Kata Macan Putih dalam hatinya sebab
 macan ini adalah penjelmaan dari jin
 Waduh ini manusia berani-beraninya
 katanya
 Berjalan ke daerah saya daerah
 larangan
 Memohon ampun
 Berani-beraninya ini manusia, Kita
 akan memangsanya kemanapun dan
 apapun bentuk ilmunya
 Sedangkan jangankan hanya manusia,
 hewan buas dan semacamnya tidak
 berani menantang diri kita

*Didinya anjeuna ceuk beja tarung jeung
maung bodas di nagara kajina
Ieu maung ngarontok nanging dikepret
sakilat ku panangan Raden Pamanah
Rasa
Lain oge turunan ratu ti pakidulan*

*Terah menak ti pajajaran.
Di ieu leuweung
Kapuheun ai maung mah nga-gaur
Kuntulanak pamuriset nepikeun ka gigis
ninggali ku pamorna ieu Raden Pamanah
Rasa
Anu luhur ku elmu
Jembar ku pangabisa
Sugih ku pangarti
Ampun teuing tobat teuing
Gancangna carita
Atuh didieu pamanah rasa taki-taki barang
nyamber ieu*

*Anu ngarana Maung Bodas jelemaan tina
Jin barang nyamber kana peheung na
Raden Pamanah Rasa
Sakilat ngelok ngeplos ieu taranjangana
Sarta ieu palipisan kana maung bodas
ditampiling atuh ngusek sapaharita
Aeh-ae manusa karusa karunya
ngarasa, taluk cenah kasalira
Satu tanda kula taluk kasalira
Kaula rek mere ajian maung bodas
Kaula rek asup miraga sukma
Sukma akma cahaya pangawasa
Badagna Lembutna lumabet kana gua
garbana salira
Ke dimana kapepet kainyamat cenah
maung bodas sakembara
Hartina raden pamanah rasa gaduh
kagungan ajian maung bodas
Pon kitu hiji deui ieu maung sarua keneh
ditampiling palipisanana
Ngagubrag sapaharita*

Di sana beliau bertarung dengan macan putih di negara kajina
Ini Macan Putih menerkamnya tetapi diserang dengan kecepatan kilat oleh tangan Raden Pamanah Rasa
Bukan juga turunan dari Ratu kidul

Turunan bangsawan dari Pajajaran
Di hutan ini
Kalo Macan putih itu menggeram
Kuntulanak kabur kocar-kocir sampai ketakutan melihat kekuatan dan kesaktiannya Raden Pamanah Rasa
Tinggi akan ilmunya
Kaya akan kemampuannya
Luas akan pengetahuannya
Memohon ampun
Singkat cerita
Di sana Pamanah Rasa mengelak dan siap sedia untuk menahan serangan kilatnya

Namanya Macan Putih penjelmaan dari jin kekuatan sumberannya menargetkan lehernya Raden Pamanah Rasa
Sekilat dapat mudak mengelak serangannya
Juga serangannya terkena pelipis kepala
Macan Putih yang tumbang seketika
Aduh-aduh manusia yang memiliki rasa kasihan, saya ditaklukkan olehmu
Satu tanda saya dikalahkan olehmu
Saya akan memberikan mantra ajian Maung Bodas
Saya akan masuk jiwa raga suknamu
Sukma akma cahaya penguasa
Besarnya lembutnya masuk ke dalam goa garbanya
Nanti dimana terjebak bisa menggunakan ilmu Macan Putih sekembara
Artinya Raden Pamanah Rasa mempunyai ilmu ajian macan putih
Dan satu lagi ini macan putih sama juga diserang pelipis kepalanya
Langsung jatuh seketika

*Atuh salajeungna
Ieu Raden Pamanah Rasa langsung
neraskeun deui perjalananana
Nu akhirna*

*Papanggih jeung hiji leuwi
Nu ngarana leuwi sipatahunan
Nya didinya diluhureun tangkal loa jeung
buah malaka Raden Pamanah Rasa
ngadon tatapa deui di Leuwi Sipatahunan
Piwarang tapa teh dina pangimpenana
kedah 40 poe 40 peuting
Sajerotening buka na oge Buah loa, Buah
malaka, Bungbuai, Harendong, Hanggasa,
Jeung sajabana
Nu mantak saktina luar biasa ari raja
bahela mah wa
Ajrih na ge pon kitu deui (ayenamah tk, sd,
smp, sma, kuliah)
Tah nyatana kudu pinter mun kiwari mah
Ari baheula mah ilmu nu dipinuhkeun
Ieu raden pamanah rasa parantos
tapabrata, nu akhirna kenging cenah
wangsit*

*Anjeuna dipiwarang lugay tapa
Kacaritakeunana
Milarian dua sepuh, katilu Syekh Kuro nu
aya di Pulo Bata
Parantos ngagaduhan ilmu na nu luar
biasa
Pangabaran dinasihian
Pangirut karahayuan
Eta elmuna Raden Pamanah Rasa
Anu dipamrih anu dipalar
Nyaeta hoyong jembar rahayu
Raden Pamanah Rasa ngimpen kedah ka
tanah pakaleran. di kaler majeng ka palih
kulon*

Selanjutnya
ini Raden Pamanah Rasa langsung
melanjutkan lagi perjalanannya
Yang Akhirnya

Bertemu dengan satu sungai
Namanya Leuwi Sipatahunan
Di sana dibagian atas pohon loa dan buah
malaka Raden Pamanah Rasa sengaja
bertapa dan berpuasa di Leuwi Sipatahunan
Ditugaskan bertapa atau berpuasa dalam
waktu 40 hari 40 malam
Makanan buka puasanya buah loa, buah
malaka, bungbuai, harendong, hanggasa,
dan sebagainya
yang membuat saktinya luar biasa jika Raja
dahulu
Mencari ilmunya begitu lagi (sekarang
disebut TK, SD, SMP, SMA, Kuliah)
Kenyataannya harus pinter umpamanya
Kalau dahulu ilmunya yang dipenuhi
Ini Raden Pamanah Rasa selesai tapabrata
puasa, yang akhirnya mendapatkan sebuah
Petunjuk

Beliau ditugaskan berhenti tapa
Diceritakan
Mencari dua sepuh, ketiga Syekh Kuro
yang ada di Pulo Bata
Sesudah memiliki ilmunya yang sangat luar
biasa
Pengabar dinasihian
Merayu hati orang
Itu ilmunya Raden Pamanah Rasa
Yang dipamrih yang dipalar
Yaitu ingin kaya akan keselamatan
Dalam mimpinya Raden Pamanah Rasa, ia
harus pergi ke wilayah utara, di utara
meneruskan ke bagian barat

*Yen di tanah kaler
 Mangka didinya pendak sareng tempatna
 pangersa Syekh Hasanudin alias Syekh
 Kuro
 Guru besar ulama besar
 Kasampak tengah wengi
 Aya nu ngaos ayat suci Al-Quran
 Tah didinya anjeuna ngaraos kagagas
 Naha cenah kaula bet kapetik patik
 kapetang asmara cinta
 Bari ninggali dina selah-selah bilik
 aya wanoja geulis
 Sing horeng nyaeta disarengan ku muridna
 Nyimas Dewi Mantria Sareng Nyimas
 Kubang Kancana
 Anu cek beja mah para ratu mikayungyung
 Para menak mikahayang dengeueun-
 deungeun mika dedeh kolot budak pada
 nyoso geulisna luarna biasa
 Pangambung kuwung-kuwungan*

*Halisna ngajeler paeh
 Pipina katung birian
 Bitisna jantung sajaksi
 Seug! lamun upama nyabak manusa
 Tong boro ning manusa, laleur jeung
 sireum nyabak ka na bitis anu geulis matak
 tisoledat
 Ieu raden pamanah rasa nu akhirna
 anjeunna micinta
 Paman kumaha cenah ieu hate kaula
 gegebregan kieu?
 Kade raden anjen tos ngalalana
 atanapi nuju ngalalana.
 Nyimas Kentring Manik Mayang Sunda
 Putrina eyang susuk tunggal ngamuk
 Oge Nyimas Ambet Kasih
 Putrina Ki Gedeng Kasih*

*Nu aya di Sindang Kasih
 Bawahan Sumedang Majalengka*

Di wilayah utara
 Di sana bertemu dengan tempatnya seseorang
 Syekh Hasanudin alias Syekh Kuro

Guru besar Ulama besar
 Tampak tengah malam
 Ada yang membaca aya suci Al-Quran
 Di sana beliau terharu saat mendengarkan
 Kenapa katanya saya bisa jatuh asmara
 cinta?
 Sambil melihat di sela-sela dinding ada
 wanita yang sangat cantik
 Ternyata dibarengi oleh muridnya Nyimas
 Dewi Mantria bersama Nyimas Kubang
 Kancana
 Kabarnya itu adalah para ratu cantik
 Para bangsawan, orang tua, hingga anak
 muda pada menginginkan kecantikannya
 yang luar biasa
 Mencium wanginya pelangi-pelangi

Halisnya yang cantik
 Pipinya terkatung-katung
 Betisnya jantung hati kekasih pundaknya
 Umpamanya apabila memegang manusia ini
 Jangankan manusia, lalat dan semut ketika
 memegang betisnya yang cantik ini bisa
 menyebabkan tergelincir
 Ini Raden Pamanah Rasa yang akhirnya jatuh
 cinta
 Paman kenapa ini hati saya dagdigdug
 begini?
 Awas Raden, engkau sudah berkelana
 atau sedang berkelana
 Nyimas Kentring Manik Mayang Sunda
 Putrinya eyang Susuk Tunggal mengamuk
 Juga Nyimas Ambet Kasih
 Putrinya Ki Gedeng Kasih

Yang ada di Sindang Kasih
 Bawahan Sumedang Majalengka

Salajeungna

Ieu raden pamanah rasa enjing-enjing naroskeun

Aeh-aeu itu aya hiji sepuh

Sing horeng nyaeta pangersa Syekh Quro alias Syekh Hasannudin, Guru agung ulama besar

Didinya naroskeun saha cenah itu anu geulis? Jeung naon deui ieu teh padepokan, padepokan naon?

Lamun kelompok, kelompok naon?

Kasep, tah ieu teh anu disebut pesantren ajaranna islam tea.

Ke kela, naon ari hartosna islam teh atuh cenah pangersa?

Nyangking keneh harita sunda buhun atanapi sunda wiwitan

Da ajaran ti kaula mah welahan asihan deudeuhan teu geuleuhan, sipatna nyaeta leles jejer liat tali landung kandungan lair aisan beh dituna asak hampura. Tah eta ki sunda nu saenyana mah

Ampun teuing geuningan sae ajaran salira ge

Naon cenah hartosna islam teh?

Ieu pangersa Syekh Quro nyalukan kanu geulis Nyimas Kubang Kancana

Geulis cobu cenah kadieu

Anu geulis turun ti tuturubun

Buah birit milang bentang

Mastaka dianggo dampal

Leumpang dialung mantingkeun

Dikengkeng keun

Dikungkung keun

Jiga bincarung di adu

Anu geulis ngalanggeor

Lempang lir macan tenang

Dipayungan payung koneng hiber luar biasa

Katinggali ti palih kidul biruna

Palih kaler konengna

Palih kulon hejona

Palih wetan kayasna.

Seterusnya

Ini Raden Pamanah Rasa pagi-pagi pergi menanyakan

Itu ada satu sepuh

Ternyata itu adalah Syekh Quro alias Syekh Hasannudin, Guru Agung ulama besar

Di sana menanyakan siapa wanita yang cantik itu? dan juga ini padepokan, padepokan apa?

Kalau kelompok, kelompok apa?

Nak, ini adalah pesantren yang mengajarkan ajaran islam

Sebentar, Apa artinya islam ki?

Islam yang masih memegang ajaran Sunda Buhun atau Sunda Wiwitan Ajarannya dari kita penuh dengan kasih sayangnya, Sifatnya lemah lembut kuat tali silaturahmi saling menolong dan menjadi pemaaf. Nah begitu ki kenyataan dari orang Sunda asli

Mohon ampun ternyata sangat bagus ajarannya

Apa artinya islam ki?

Ini Guru Syekh Quro memanggil wanita yang cantik Nyimas Kubang Kancana

Cantik, coba kesini dulu

Yang cantik turun terburu-buru

Mudah disuruh gemilang cahaya

Kepala sujud ke kaki

Berjalan kaki lempar menyalak terus

Di bengkokkan

Di belokkan

Seperti burung Bincarung bertengkar

Si Cantik berjalan lemah gemulai

Berjalan bagaikan ketenangan macan

Dipayungi payung kuning terbang luar biasa

Terlihat biru dari bagian selatan

Kuning dari bagian utara

Hijau dari bagian barat

Pink dari bagian timur

*Paralun saparantosna kitu
 Ieu Raden Pamanah Rasa naros kanu
 geulis
 naon ari hartosna islam teh?
 ampun teuing tobat teuing, ari
 islamteh hiji ajaran nu sampurna, sae
 ditinggal dina akidahna, oge nganung
 tata nilai anu luar biasa, seperti
 kaguruan kaelmuan jeung sajabana
 kasetaraan
 Kitu cenah ngkang.
 Raden Pamanah Rasa didinya ngeluk
 karining mangsa, Ngaleos tanpa perngeus,
 Indit tanpa pamit.
 Ceuk beja caritamah
 Nek mawa emas inten berlian
 Nyaeta anjeuna bade ngamaharan anu
 geulis, nek nyadak emas inten berlian
 ampir tilu toronton satengah
 Atuh salajeungna ieu anu geulis
 Saparantos tamatna masantren
 Neraskeun deui masantren
 Anjeuna nyaeta ngadamel pasantren
 Babakan Amparan Alit*

*Salajeungna
 Raden Pamanah Rasa amitan kanu janten
 rama na
 Ieu anu kasep bade ngalamar anu geulis,
 nanging kumaha carana
 ieu anu geulis didinya gaduh cara pola
 pamikiranana
 Heug kula nampi kana eta panglamar
 salira
 Asal mas kawina, Hiji nyaeta ku dua
 kalimah syahadat, Dua ku lintang
 kerti jejer saratus
 Naon ari kerti jejer saratus?
 Tasbeh pingarenana*

Memohon maaf
 Ini Raden Pamanah Rasa bertanya kepada
 yang Cantik
 apa arti islam?
 Mohon ampun, islam adalah salah satu
 ajaran yang sempurna, bagus dilihat
 dari akidahna, juga mengandung tata
 nilai yang luar biasa, seperti keguruan
 keilmuan dan sebagainya kesetaraan.

Begitu Raden
 Di sana Raden Pamanah Rasa termenung
 mendengarnya, kemudian pergi diam-diam
 tanpa kata, pulang tanpa pamitan.
 Alkisah diceritakan
 Akan membawa emas inten berlian
 Dirinya akan melamar kepada yang Cantik
 itu, Akan membawa emas inten berlian
 hampir tiga setengah bak toronton
 Selanjutnya kisah yang Cantik ini
 Sesudahnya tamat pesantren
 Melanjutkan lagi pesantren
 Dirinya membuat pesantren baru yaitu
 pesantren Babakan Amparan Alit

Seterusnya
 Raden Pamanah Rasa Memohon pamit
 kepada tuannya
 Ini Raden akan melamar kepada yang
 Cantik itu, tetapi bagaimana caranya?
 Di sini si Cantik mempunyai cara pola
 pikirnya

Silahkan saya menerima lamarannya

Asalkan mas kawinnya, Pertama yaitu
 dua kalimah syahadat, Kedua yaitu
 lintang kerti jejer seratus
 Apa arti kerti jejer seratus?
 Tasbeh namanya

*Atuh ku raden pamanah rasa
 disanggeman, ngan aya wakca
 keun bae kula emas atanapi lebet islam,
 nanging adat istiadat tatali paranti
 urang sunda tong dilengitkeun
 manga teh teuing ngkang, etamah hak
 salira*

*Salajengna saparantosna di istrenan
 atanapi nikah kanu geulis Nyimas Subang
 Larang
 Dicandak ka Bale Agung
 Tiluanana dibumian sararae pisan maklum
 Raja
 Nyimas Kentring Manik Mayang Sunda
 Nyimas Ambet Kasih Atuh didieu di
 istrenan ku ramana Hyang Prabu Dewa
 Niskala
 Saatosna nikah kanu geulis Nyimas
 Subang Larang
 Dipasihana gelar nyaeta Raden Pamanah
 Rasa teh Sri Baduga Maharaja Hyang
 Prabu Siliwangi Saking Pajajaran*

Sungguh oleh Raden Pamanah Rasa
 disanggupi, tetapi terus terang
 Biar saja maskawin dari saya emas
 ataupun masuk islam, tetapi tradisi adat
 istiadat orang Sunda jangan pernah
 dihilangkan
 Silahkan Raden, itu adalah hak anda
 Seterusnya sesudah melantik atau menikah
 kepada wanita cantik Nyimas Subang
 Larang
 Dibawa ke Balai Agung
 Ketiganya dihias dengan sangat bagus
 maklum Raja
 Nyimas Kentring Manik Mayang Sunda,
 Nyimas Ambet Kasih didampingi oleh
 ayahnya Hyang Prabu Dewa Niskala

Setelah selesai pernikahan kepada wanita
 Cantik Nyimas Subang Larang
 Raden Pamanah Rasa diberikan gelar Sri
 Baduga Maharaja Hyang Prabu Siliwangi
 Pajajaran

Panutup

*Tah kitu dina lalampahanana
 Cag!
 Rampes bobot sapayun
 Mugi agung cukup lumur
 Jemarah hampura nu diteda
 Boh bilih kirang titi kirang duduga
 Sareung periogana
 Teu payus teu nyurup dina petik kecap
 Sareung dina lalampahan
 Oge hapunten nu ka suhun
 Wassalam
 Mang Ayi Pantun
 Mang Ayi Basajan
 Pantun Sunda*

Lampiran 2

Biaya Produksi

| No. | Nama Pengeluaran | Satuan | Banyaknya | Total |
|-----|-------------------------------------|-------------|-----------------|-----------------------|
| 1 | Cetak Komik - Artpaper BB | Rp 3.000 | 34 | Rp 102.000 |
| 2 | Jilid Buku Komik - Hektar tengah | Rp 5.000 | 1 | Rp 5.000 |
| 3 | Cover Komik - Laminasi Doff | Rp 5.000 | 1 | Rp 5.000 |
| | | | Total | Rp 112.000 |
| | | | Produksi | 1000x |
| | | | | Rp 112.000.000 |

Biaya Promosi

| No. | Nama Pengeluaran | Satuan | Banyaknya | Total |
|-----|----------------------|---------------|-----------|--------------|
| 1 | Poster Komik | Rp 25.000 | 4 | Rp 100.000 |
| 2 | Poster Launching | Rp 25.000 | 4 | Rp 100.000 |
| 3 | Infografis Launching | Rp 25.000 | 240 | Rp 6.000.000 |
| 4 | Brosur hvs 100gsm | Rp 1.500 | 300 | Rp 450.000 |
| 5 | Kaos | Rp 100.000 | 12 | Rp 1.200.000 |
| 6 | Tote Bag | Rp 32.000 | 12 | Rp 384.000 |

| | | | | |
|----|-------------------------------|---------------|--------------|---------------------|
| 7 | Akrilik Figure | Rp 20.000 | 7 | Rp 140.000 |
| 8 | Pembatas Buku A3 | Rp 5.000 | 125 | Rp 625.000 |
| 9 | Sticker A3 | Rp 16.000 | 25 | Rp 400.000 |
| 10 | Banner Flexymate 100x230cm | Rp 69.000 | 1 | Rp 69.000 |
| 11 | Roll Banner 60x160cm | Rp 250.000 | 1 | Rp 250.000 |
| 12 | Akrilik Stand | Rp 16.000 | 2 | Rp 32.000 |
| | | | Total | Rp 9.750.000 |

- Harga Jual : Rp 249.000
- Untung : Rp 137.000
- Harga Karya /lbr : Rp 4.029
- Harga Jual Total : Rp 249.000.000
- Profit : Rp 127.250.000
- Sharing Profit /3 : Rp 42.416.667

Biaya Tempat

Taman Budaya Bandung : Harga 0 - 4.500.000